

Chè fanmi,

Bòn Ane! Si pitit ou a te fèt an 2017, sonje pou aplike nan kindergarten avan **18 janvye 2022**. Gen yon plas kindergarten pou chak timoun nan Vil Nouyòk, epi voye yon aplikasyon ale avan delè an se pi bon chans ou genyen pou jwenn yon òf a nan yon lekòl ou vle.

Èske w voye aplikasyon pou kindergarten ou an deja? Trèbyen! Ou pa bezwen fè anyen ankò.

Si w poko aplike, men sa pou fè:

1. **[Kreye yon kont MySchools](#)**. Li fasil ! Tout sa ou bezwen pou kòmanse se yon adrès imel ak kèk enfòmasyon sou pitit ou a. Ou pral itilize MySchools pou eksplòre lekòl, fè aplikasyon pitit ou, aplike, epi pi ta jwenn òf kindergarten li a.
2. **Chèche lekòl yo**. Konekte nan [MySchools.nyc](#) pou eksplòre opsyon w, gade si w genyen yon lekòl ki pou sektè ou abite(zoned), epi jwenn plis enfòmasyon sou lòt lekòl pitit ou a gen priyorite pou ale. Gade [Videyo ki Konsèy nou an pou yon bon Aplikasyon \(Tips for a Good Application video\)](#) pou enfòme plis.
3. **Ajoute jiska 12 pwogram sou aplikasyon pitit ou a**. Klase yo nan vrè lòd preferans ou, kote w ap mete chwa ou pi renmen an kòm #1.
4. **Aplike nan youn nan twa fason sa yo avan 18 janvye:**
 - [Sou entènèt avèk MySchools](#)—Rekòmande! Pa bliye klike sou bouton "Voye aplikasyon an ale".
 - Pa telefòn nan 718-935-2009.
 - Pa imèl oswa anpèsòn nan youn [Sant byenveni pou fanmi\(Family Welcome Center, FWC\)](#).

Kòm toujou, ou ka jwenn dènye enfòmasyon sou admisyon nan kindergarten epi gade seri videyo nou yo nan [schools.nyc.gov/Kindergarten](#). Ou bezwen sipò? Rele nou (gade pi wo a) oswa voye yon imèl nan ESenrollment@schools.nyc.gov.

Bon siksè,

Ekip admisyon kindergarten lan

Èske se youn zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon kindergarten nan [schools.nyc.gov/SignUp](#).

Si w pa vle resevwa imèl ankò nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.